



Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 10 Nokuti kuchamuka vanakristu venhema avo vachaita zviratidzo, nezvishamiso kuti vanyengere kunyange vakasaru kana zvichigoneka, arirai, ndakuudzai zvisati zvaitika . . . -- Mateo 24:24-25 2015

TOKUMBIRA KANA KUTI TOPARARA!

NaLeonard Ravenhill

Husiku hunomukurumbira hwakaita Jakobho mutsimba [nengirozi] pazvomweya hwakamushandura zita akava *Israeri*, “*uyo akarwa naMwari akakunda*,” Asiwo hwakamusiyi achikomhina pahudyu yake! Samuson aiva nechikomborero chikurusa chingazivikanwa nemunhu wose – “*mweya waJehovah wakauya pamusoro pake nesimba guru...*” asika pakawo neshumba yokurwa nayo. Ishe wedu Jesu vakaungudza “*mweya washe uri pamusoro pangu*” Haana kushumira [kana kuparidza] bodo kusvikira kuzodzwa kwauya pamusoro pake, asika kwakauyawo nemazuva ane makumi mana anokuidzwa kukurusa. Pentakosti yakashandura vadzidzi Paimba yaPamusoro asika teverezvo pakave nechamupupuri chokushungurudzwa kusina mukare akamboona. Asiwo varume ava havana kupeta [muswe] kana maoko; vakaramba vachipfuta musimba rokumusoro: Vanzwe vachiti: “*Tinofanira kuteerera Mwari kwete munhu.*”

[Hama dzangu! Ino] Yave nguva yokusiyi zvidandaro “zveminyengerero” nokudya tichiguta toende mudariro rokurwa. Tadya nokudya kwenguva yareba, iko zvino yave nguva yokutsanya nokurwa. Maoko tauchira nguva yareba; zvino maoko iwayo ave kufanira kumbambatira gano roMweya tichirwa nemimweya namasimba [erima]. Maawara anotevra aya ave kuda chirakidzo chesimba. Chiga chechokwadi – Bhaibheri hariwiri pasi, rinogara nokusingaperi-peri, iShoko raMwari rinogara nokusingaperi – asika riri kunyebvurwa-nyebvurwa padiki nepadiki.

Mumaaritari edu okushumira tinofanira kusungirira aya manzwi: “*Nokuti rudzi noushe zvinoramba kushumira, zvichaparara; zviokwazvo marudzi iwayo achapardzwa zvachose*” (Isaya 60:12).

Zvakatorera Farao zvinetso gumi kuti azunguzwe pakubata kwake pavaIsraeri. Zvinodawo here zvinetso gumi kuti tizunziwe kubva mukuzvidza kwenyika nokurara pamweya? Mwari vodurura here moto pamusoro pedu kuti tirege kupengereka takananga kumirazvu yemoto weGehena?

“*Asi vanhu vavete muvengi akauya akakusha mashawi ake pakati pezviyo akaenda*” (Mateo 13:25). Apo tinovata mumadzi Kereke edu muvengi ari kukusha mashawi, kutiya migombe yake nokuremedza vatendi nezvepasi rino.

Mwari vanoti ivo vachazunguza matenga nenyika, nyanza nemagwenga. Nyika ndeya Mwari regai vanhu nevatongi vasakanganwe. Havaregi chivi chichipfuura, asiwo hashu dzavo hadzigari nokusinga peri. Hongu, vakada Israeri; asiwo vakaisa Israeri mumaoko eva Midia.

Misungo yokusarurama yosunga nyika dzose zvinokatyamadza. Komichi yokutadza yave kuno zara nokukurumidza. Rima deama rofukidza pasi rose uye rima gurusa. Tirikurwa nevatungamiri verimi, nemichero yemabasa asina kunaka iyo inotipingidza pose patinofamba. Isu vatsvene takadanwa kubva murima tichipinzwa muchiedza chakachena. “*Imi vatendi hamusiri murima...*” (1 VaTesoronika 5:4). Muchiedza chake tinoona chimwezve chiedza. Tinoona zvisingaoneki nevenyika – pamwewo makomborero kana kutukwa – kutongwa kuri kuuya. Hondo mbiri dzepasi rose hadzina kumbozunguza pasi rose samazunguzirwe airi kuitwa nhasi. Kereke ingavata here pakadai ivo vanhu vonanga kumawere. Mwari wekubekereza kwose havanga vhari maziso avo kukutadza kwedu kwakadai. Anovarega vachienda kwekanhanho uye apo vanenge vopemberera kukunda kwavo, anopindira. Bsheshazari akona seapedza zvose. Akasvibisa midziyo yose yemutemberi. Akasvibisa Jehovha; akazvisvibisa iye pachake. Apo mutambo wakange wotsvuka ropa kunakidza, nyama yonakidzwa uye vanhu vomusimudzira soMukuru – ndipowo paakaona chinorwa pamudhuri. Izvi zvakashandura kupembera kukava kubvunda kwokutya. Waini yakavava, mufaro ukava kusuwa, dzimbo dzikashanduka kuva kuungudza. N’anga, vafemberi vauki navachenjeri havana kukwanisa kuverenga yambiro yaive pakuri.

Pamhedzisiro ndopazopinda munhu waMwari, Dhanieri. Akavapa dudziro yechokwadi. “*... Mwari averenga mazuva oumambo hwako, zvino kuguma kwahwo kwasvika... imi pachenyu maerwa pachikero mukawanikwa musina kukwana*” (Danieri 5:26-27).

Mumwewo mambo pane imwe nzvimbo akazunguzwa muhope nezviroto. Vose vachenjeri vakashaya romuromo, asi Josefa akadurira nokusvitsa shoko kuna mambo kuburikidza nezviono. (Hazvingadaro here kuti makore edu okuguta otonoguma?)

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

(Kubva Papeji 1)

Tariro yose yakange yapera apo muvhangeri-muporofita Pual-uyo ane uporofita hwehwanda husina anoteerera – akanomira pamberi pevaiungudza akati, “Runyararo norudziviriro kwamuri kana mukaramba mugere muchikepe” (Mabasa 27).

Isaya anotaure nezvezuva apo “*mumwe nomumwe achaita senzvimbo yokuvanda mhepo neyokuvanda mvura ine dutu. Vachaita senzizi dzemvura munyika yakaoma nomumvuri wedombo guru munyika inopisa*” (Isaya 32:2). Aya ndiwo mamiriro avaporofita mumaawara okushungurundika murungano rwapasi rose.

Mwari akaita vaAssiriya rushamhu rwehasha dzake (Isaya 10:5-6). “*NhaiweAsiria shamhu yokutsamwakwangu; wakabata muruoko rwake tsvimbo yeshungu dzangu! Ndichamuuma kundorwa nerudzi runomhura Mwari, ndichamurayira kundorwa nevanhu vandinotsamwira kuti andотора zvakapambwa, andотора zvakatapwa azvitsikire pasi sedope riri munzira dzomumusha.*” Akavatuma kunorwa nevanyengeri venyika yaIsiraeri. Ndiani achava kana kuti achabvumirwa kuva rushamhu pamusoro perudzi rwedu? Kudhirika here kune zveupfumi? Kana mupambi werumwe rudzi? Kudengenyeka kwepasi kana mafashamu? Zvimwezve zvinetso? Mwari achatitongera zviivi zvedu here sazvaakaitira Sodhoma kana kuti achatirega tichinyatsakuora. Chinhu chinorwadza kuwira mumaoko aMwari mupenyu. “Chinhu chinorwadzisisa kuwira mumaokon iwayo,” anodaro Robert Louis Stevenson.

Usati waturika midimbwa yako pamukonachando, usati wati iwe, “*Tingaimba seiko dzimbo dzaJehovha munyika yavatorwa,*” rega ndikuudze mudikani uripo mukaha wokubuda. Nzira chete yokubuda mumatope aya ouyipi ndeyi: Dzika namabvi ako, wokwira kumatenga nomunamato wokumiririra, wobuda kunyika, wakababatidzwa nemoto wesimba, mukutambudzikira, nokurwadzikana asi unokukunda kwekudururwa kwekuguma kwenyasha zuva rehasha dzake risati rasvika.

Tononga neipi nzira ikozvino? Nenzira yaMwari chete! “*Hazviitwi nehondo [nesimba ramauto], kana nesimba [zvokudzidza kana zvenjeremupengo] asi noMweya wangu, ndizvo zvinotaura Jehovha wehondo.*”

Mwari vagoti ivo “*mutoro wake uchabviswa pamafudzi ako, nejoko rake pamutsipa wako, joko richaparadzwa*

nokuda kwokuzodzwa” (Isaya 10:27). Ichi ndicho chinodikanwa, icho chakavanzika – kuzodzwa nomweya. Ndiko:

Kuzadzwa nesimba rokumusoro – simba rePendakositi – simba risiri renyika asi redenga kuti rizunguze pasi rose.

Kushongedzwa kwomweya kuti uzunguze masuwo eHadhesi nemasuwo enyika.

Kuzadziwa kuti tikutsirire Satani nemasimba ake. Simba rokuparadza joko kubva pamitsipa yamazana akanirana avakasungwa muzvimudzimu uye muzvinamoto zvechivanhu, vakasungwa nezvinodaka, varanda mukunwa uye vakasungwa noruchiva.

Simba rokuparadza [nokudhiriza] uhedheni neshoko rokusunungura.

Simba rinoremadza zvitendero zvenhema uye kusunungura avo vakasungwa.

Simba rinofpedza zita rake Mwari nokubwinya!

Jesu ari kuuyira Mwenga kwete shirikadzi kana Kereke inorwara. Akafanira kuti avigirwe [nokupiwa] kukudzwa nesimba kubva nhasi kusvikira nokusingaperi. Takatarirana nhasi neminondo yohuipi hwepasi rino, nhangemutange haisiri yenyanzwi, uye hondo haisri yevakasimba. Pano vatana vanouraya uye kuavo vasine simba anovawedzera simba guru. Uyo akanzwa mhete yaEriya pagomo reCarmel uye Jonah kubva mudumbu rehove achanzwawo kwedu kuchemera nyasha nemutsurudzo. “*Danai imi kwandiri uye ini ndichakudavirai*” (Jeremia 33:3). [Pataveri ikozvino, zvonotoda kuti] Tichema kana kuti toparara!

Ewoo Mweya Woupenyu, huya utsvaire pakati pedu,
Musimba noupenyu mutsiridza rako kereke;
Ewoo Mweya Woupenyu, uya chenesa, utiite vatsva,
Ushongedzera Kereke yako pabasa reino awara.

Timutsiridzei O Ishe! Manyukunyuku opera ere,
Iwo munda wokupupura wakakura nokuchena?
Timutsiridzei O Ishe! Nyika yakamirira!
Shongedzera Kereke kuti tiparadzire chiedza.

Kubva mubhuku **Revival God's Way** rakanyorwa naLeonard Ravenhill. Rakadindwa muna 1983 neve Bethany House Publishers iyo iri chikamu cheBaker Publishing Group. Rakashandiswa zvine mvumo.

Zvinyorwa zvose zvakabva mumamagazini e*Herald Of His Coming* emwedzi yakasiyana-siyana yakapfuura, akanozopindirirwa muchiShona nokudhindiswa mumagazini ye*Mharidzo Yokuuya Kwake* yauri kuverenga nhasi. **Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini** rinotsikiswa kana pagore uye rinopihwa kuna ani naani zvake anenge arikumbira neve Gospel Revivals Inc. avo vanotsikisazve bepa reChirungu reHerald Of His Coming. Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A. Runhare 812 442 6201. Emeiri: Gospelrevivals@cs.com

Mupepeti nemuunganidzi weMharidzo Yokuuya Kwake: Godfrey Ndirwenyu

Kero yedu inoti 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe

Kana kuti bata pa e-meiri inoti: mharidzo4Him@yahoo.com

Kana parunhare panhamba dzinoti +263 772 929673 +263 498041

Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Pastor Promise naStella Nyathi, naPastor Maxwell Matewe

NGARIENDE IVHANGERI!

NaGodfrey Ndirwenyu

Mhururu nemheterwa ngazvitsve maoko tichirova! Ivhangeri inozorodza heinoyi setumvura tunotonhorera murukova! Farai nokufarisisa vanhuwee, zororo herinoi rakawanikwa paGorogotha! Anodana Mwana waMwari, kwaari tonopota! Mukutenda maoko nhasi tinouchira. Worugare nhasi mweya tohotsira. “Huyai kwandiri imi mose makaneta nokuremerwa.” Anodaro Ishe Jesu kwatiti isu tose takaremerwa. “Ini ndichakupai zororo.” Kwatiri Muchinda woRugare anodaro. Ini nhasi nemabvi ndichapfugama. Nemiwo kuminamato ndokudanirai hama...

Mufaro wangu mukuru kwazvo kusangana nemi zvakare imi mose vaverengi veMharidzo Yokuuya Kwake. Ndatanga nokudetemba nokuimba apa ndichiritidza mufaro wangu mukuru sei nebasa guru ratakaitirwa pamuchinjikwa. Bva ndine mufarozve nebasa guru rakaitwa nababa namai Moore rokutangisa bepa reHerald Of His Coming. Kubva mubepa iri ndimo matinokoponora zvinyorwa zvatinokupaiwo murino reShona reMharidzo Yokuuya Kwake. Magazini yeHerald Of His Coming yave nemakore makumi manomwe nematatu kubva payavambwa.

“Uswa hunooma uye maruva anowa, asi shoko raMwari wedu rinogara nokusingaperi” (Isaya 40:8). “Denga nenyika zvichapfuura, asi mashoko angu haangatongopfuuri” (Mako 13:31).

Mharidzo Yokuuya Kwake ichakangozadzwa nogukuchira uchi nemukaka hweivhangeri yaIshe wedu Jesu Kristu. Sokutaura kwandinogara kuiita tiriparwendo uye Kenani nyika yorugare, tichasvika chete! Sezvo takatanga neIvhangeri tichapedzawo neIvhangeri! Jehovha Wamasimba ose akatituma kuti tiparidze rusununguko kuna vakasungwa uye kuti ivhangeri ivhure meso evasingaoni, kusunungura vakamanikidzwa, uye kuparidza gore rakanaka raMwari wedu. Magazini yeMharidzo ichingori nenhango nechiga chimwe chete: Mharidzo kuvarombo, rusununguko kuvakasungwa, rairo kuvatsvene, dzidziso nenyevero kune vane nzeve dzokunzwa. Mharidzo yedu ichingori imwe chete yokusimudza zita braJesu Kristu: Kuzodzwa kwose kuri pamusoro paShe wedu Jesu Kristu zvakare tisakanganwe kuti Bhaibheri rose rwakafemerwa naMwari kuti ritibatsire kuwana upenyu uye upenyu hunofashukira. Bhaibheri iShoko raMwari uye rakatwara nokutakura mifungo yaMwari. Nderechokwadi uye mariri ndimo muneupenyu. Ndiro chete rinotiudza kuti Mwari vakada nyika sezvizvi, kuti vakapa Mwanakomana wavo kuti ani naani [zvichireva iwe neni] anotenda kwaari asafe asi ave noupenyu husingaperi (Johane 3:16). Shoko raMwari rinesimba uye richagara kusvika nokusingaperiperi “Denga nenyika zvichapfuura, asi mashoko angu haangatongopfuuri” (Mako 13:31).

“Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira kudzidzisa kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama, riine chinangwa chokuti munhu waMwari akwanisirwe uye agadzirirwe mabasa ose akanaka” (2 Timoti 3:16).

Mharidzo Yokuuya Kwake inotandavara kubva parukuvhute kusvika muguva, umo unenge worindira kuuya kwake. Waamai meso haaoni uye nzeve hadzinzwi. Chinoona nokunzwa ipfungwa nenjere dzakazarurirwa nokucheneswa. Munamato wangu ndewokuti Mwari vabate pfungwa dzako uye vakuzarurire pane zvedenga. Inzwa mudikani: Jesu ndiye chete chitubu choupenyu, chidzivasingwi paunonwa nokucheneswa pazvomweya. Ndipo paunocheneswa ugo va akachena mbee! Kana Mweya Mutsvene asina kukuvhurira nokukuvhenekera Vhengeri yaJesu Kristu inoita soupenzi. Kana nzeve dzako dzisina kugezwa nokukweshiwa neropa rinesimba rose raJesu hapana zvaunonzwa kana dai tikapumba nokupumba sei. Asi chokwadi chiripo ndichecho, chokuti upenyu hwomunhu hune chikonzero nei, uye munhu wose akasikirwa kuraramira Mwari. Munhu anofanira kuva noukama hwakasimba naMwari wake. Ndiyo mhaka nei Mharidzo yatinayo uye yatichagara tichiparidza iri iyoyi yokuti “Veduwe tendeukai mubhabhatidzwe mumwe nomumwe wenyu muzita raJesu Kristu. Kuti muregererwe zvivi zvenyu uye mugogamuchira chipo choMweya Mutsvene” (Mabasa 2:38). Hama ndapota kusaziva kusakupinza munataisireva. Pane kwatiri kuenda uye tikasachenjera nerimwe zuva tichazvidemba! Makagadzirira here ramangwana renyu. Jesu arimo here momwoyo yenyu nemuupenyu hwenyu.

Hosiya achitaura nevana vokwalsiraeri anoti iye vanhu vangu varikuparadzwa nokusaziva. Magazini yeMharidzo Yokuuya Kwake iri kukupai mukana wokunombora noku-tatapura ruzivo rwezvedenga. MunaJesu Kristu, Mwari arikukupai mukana woupenyu husingaperi. Ndapota kana manzwa Shoko raShe musaomese mwoyo yenyu.

“Uku ndiko kupupura kuti: Mwari akatipa upenyu husingaperi uye upenyu uhu huri mu Mwanakomana wake. Uyo ano Mwanakomana ano upenyu; uyo asina Mwanakomana waMwari haana upenyu” (1 Johane 5:12). “Ndinokuudzai chikwadi, Mwanakomana haagoni kuita chinhu ari oga, anongogona kuita zvaanoona Baba vake vachiita, nokuti zvose zvinoitwa naBaba, Mwanakomana anozviitawao” (Johane 5:19).

Imwezve Mharidzo yatinayo kuvana veZimbabwe ndeiyi: “Jesu ndiye nzira, chokwadi uye ndiye upenyu nechiedza. Muhurukuro yavo nevadzidzi vavo Ishe Jesu vanoti ivo Hakuna munhu [hakuna munhu!] angauya kuna Baba kana asina kupfuura nepandiri.” Munhu haasviki (Inoenderera Mberi Papeji 4)

(Kubva Papeji 3)

kuna Mwari [nemamamwe manzwi munhu haana imwe nzira yaanga namata nayo Mwari, uye inofadza Jehovah] kana asina kupfuura nepana Jesu Kristu. Hazvigoni! Kwete nekuna Mbuya Nehanda, kana sekuru Kaguvi, kana sekuru Chaminuka. Jesu varikuti ivo hakuna! Kuna Mwari hakuendwi kubudikidza nomumwe, kunze kwaJesu Kristu chete, Ishe wamadzishe! Vachitaura nezuya riya Jesu achibhabhatizwa, Mweya waburuka mumufananidzo wenjiva, Mwari vanoti “*Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinofarira zvikuru*” (Mateo 3:17). Pana Ruka chitsauko chepfumbamwe achiwedzera pemashoko iwaya Mwari vanowedzera vachiti “*Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinofarira zvikuru Muteererei.*” Kusateerera Jesu Kristu rufu! Ndiyo mhaka nei Petro achiti: “*Ruponiso haruwanikwi kuna ani naani zvake, nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga rakapiwa kuvanhu ravangaponeswa naro.*” Neimwe nzira Petro ari kuti iye “*Jesu ndiye Mwanakomana waMwari waanofarira zvikuru, ndiye muponisi wenyika dzose.*” Paari mabvi ose achapfugama, ndimi dzose dzichapupura, kuti UYU ndiye Mwanakomana waMwari. “*Mwari akamukudza panzvimbo iri pamusoro-soro uye akamupa zita riri pamusoro pamazita ose, kuti muzita raJesu mabvi ose apfugame, mudenga napanyika uye nepasi penyika, uye ndimi dzose dzipupure kuti Jesu ndiye Ishe, kuti Mwari Baba vakudzwe*” (VaFiripi 2:9-10). Jesu ndiye mununuri kubva musimba rerima uye akatiuyisa kuumambo hwoMwanakomana waanoda.watine dzikinuro maari, iko kuregererwa kwezvivi (VaKorose 1:13).

Usakanganwe kana kurasikirwa nenyaya huru yandinayo mwedzi uno iyo yandinoda kuti ubatisise zvikuru: “*Isu seMharidzo Yokuuya Kwake*, Mwari akatizodza nokutituma kuti tiparidze ivhangeri kuvarombo. Akatituma kuti tiparidze rusununguko kuna vakasungwa uye kuti vasingaoni vaone, kusunungura vakamanikidzwa, uye kuti tiparidze gore rakanaka raShe” (Ruka 4:18). Nyika yatiri kurarama nhasi uno ine vanhu vakasungwa. Zvichida newewo wakasungwa ndichitaura kudai. Nyika yatiri kurama ine vanhu vasingaone nokunzwa. Zvichida newewo hauoni ndichitaura kudai. Kubva pasichigare Adamu naEva vachitadza Satani arikushandisa mwana wemunhu sembongoro yepakamba. Akatikwatidzira jokwe rake pamitsipa yedu uye akatiberekesa zvose zvinorema zvaungafunga, zvivi, urwere, urombo uye nezvose zvinonyangadza zvaungafunga. Munhu wose arikurarama nhasi kusanganisira nevakaenda – panze paJesu chete – vanzwa nokunzwa veduwe nezveuremu hweiri jogwe rowakaipa. Tose takahunzwa uremu hwejogwe rake uye tikashungurudzwa nokugarochukuchwa mativi ose nejogwe iri raSatani. Kwemakore zviuru apfuura jogwe iri ndiyo yaive nyaya huru kusvikira Jesu vauya vachiti: “*Mweya waShe uri pamusoro pangu, nokuti akandizodza kuti ndiparidze ivhangeri rorusununguko kuna vakasungwa uye kuti vasingaoni vaone, kuti ndisunungure vakamanikidzwa, uye kuti*

ndiparidze gore rakanaka raShe” (Ruka 4:18). Ivhangeri yaJesu kuvarombo yaive ipiko? Ndauya, ini Jesu, varombo havachafaniri kuramba vari varombo! Pose paunogamuchira Jesu saIshe nomuponisi wako nhamo neurombo zvinopera. Nokuti munoziva nyasha dzaShe wedu Jesu Kristu, kuti kunyange zvake akange arimupfumi, asi nokuda kwenyu akava murombo, kuti imi kubudikidza nourombo hwake mugopfumiswa (2 VaKorinde 8:9). “*Uye Mwari anogona kuti nyasha dziwande kwamuri, kuitira kuti muzvinhu zvose, panguva dzose, muine zvose zvamunoda, mukwanise kuita mabasa ose akanaka*” (2 VaKorinde 9:8). “*Kristu akatidzikinura kubva pakutukwa, kwomurayira paakava chakatukwa, iye nokuda kwedu, nokuti kwakanyorwa kuchinzi: vakatukwa vose vanoturikwa pamuti’ Akatidzikinura kuitira kuti kuropafadzwa kwakapiwa Abrahamu kugosvika kuvahedheni kubididza naJesu Kristu...*” (Garatia 3:13-14). Ukagamuchira Jesu saIshe naMuponisi wako upofa hunopera.uye neurombo hwako hunoperawo! Anokusunungura: “*Nokuti akatinunura kubva pasimba rerima uye akatiuyisa kuumambo hwoMwanakomana wake, waanoda, watine dzikinuro iko kuregererwa kwezvivi*” (VaKorose 1:13). Muna Jesu Kristu mune kurapwa kwezvirewere. “*Zvirokwazvo akatakura matenda edu, uye akatakura kurwadziswa kwedu. Akabaiwa nokuda kwokudarika kwedu, akakuvadzwa nokuda kwezvakaipa zvedu. Kurohwa kwake kwakatavigira rugare. Namavanga ake takaporeswa*” (Isaya 53:4-5). Pana Jesu Kristu Mwari vakaite chishamiso chisina mukare akamboona. Jesu Mwanakomana waMwari akave Mwanakomana weMunhu kuti isu vana vemunhu tigove vana vaMwari.

Ndiyo Mharidzo yatinayo: Rusununguko kuvakasungwa, meso kuvasingaoni, upfumi kuvarombo, zivo kuva-karasika, rusununguko kuvakamanikidzwa, uye negore rakanaka raShe wedu kupasi rose. Regai ndipfige namanzwi aya kubva pana Isaya 61 “*Mweya waShe uri pamusoro pangu, nokuti akandizodza kuti ndiparidze vhangeri kuvarombo. Akandituma kuti ndirape vane mwoyo yakaputsika, kuti ndiparidze kusunungurwa kwavakatapwa, nokubudiswa kwavakasungwa kuti vabve murima. Kuti ndiparidze gore rengoni dzaJehovah, uye nezuya rekutsiva kwaShe wedu. Kuti ndiritire avo vanochema muZioni, kuti ndiise pamusoro pavo korona yorunaka pachinzvimbo chamadota, mafuta omufaro pachinzvimbo chokuchema, uye nenguwo yokurumbidza pachinzvimbo chomweya wokurukutika. Vachanzi miouki yokururama yakasimwa naJehovah.*” Wakasungwa here? Unenyota nenzara here? Uneurombo here? Unechirwere here? Inzwa: “*Huyai kwandiri imi mose makaneta nomakaremerwa, uye ndichakupai zororo... uye muchawana zororo remweya yenyu*” (Mateo 11:28).

KUMBIRA ZVIKURU KUNA MWARI MUKURU

NaRichard Carmicheal (HOHC 09/2010)

Pakunopera kwomwedzi waChikunguru [July] ini nedzimwe nhengo dze*Herald Of His Coming* takagara takadendenedza mikungurururwa yedzitsamba nezvimasaga zvakati-kuti zvaive zvakatakura *Herald Of His Coming* yaNyamavhuvhu [August]. Taive takaunganira kuzokumbira Mwari kuti vatipe mari yaidikanwa kuti titumire zvinyorwa zvose izvi kuvaverengi. Ndinokudza Mwari zvikurusa kuti nhasi uri kuverenga chinyorwa chomwedzi uno izvo zvinoreva kuti Mwari havana kuzonotipa dzimari

dzokutumidzira chinyorwa chomuna Chikunguru chete asiwo chomwedzi uno [wavakabata rino bepa].

Mwari havana kungotumira chete mari yokutumira dzitsamba namapepa neposvo asika vakatipawo nemharidzo dzakakodzera dzomwedzi uno. Isu vanoshandira mumahofisi e*Herald Of His Coming* tinogara tichikatyamadzwa nerubatsiro rwaIshe kwatiri mukuunganidza izvi zvinyorwa kuti mapeji ose aya atinotanga nawo asina kana chinhu zvacho azodzwe nemharidzo dzinobatsira, kukurudzira, kusimudzira nokusimbisa kereke. Dai Mwari vakashanda zvakasimba muupenyu neushumiri hwako kuburikidza nemharidzo idzi dzinobva muzvinyorwa zvino.

Kunyengerera Mweya Mutsvene

Ishe ndizodzei noMweya Mutsvene,
Ndizadzei nesimba renyu dzvene.
Shuvira kutadza mandiri bvisai pamhene,
Mundiite O mundiite akazara mutsvene.

Ishe ndizodzei noMweya Mutsvene,
Apo ndinimirira, kutarira nokunyengerera,
Pendakosti yedenga imi pandiri modurura,
Tumirai oh Ishe tumirai iye nhasi ndamirira.

Ndine nzara yokuzadziwa kwoga,
Ndine nyota yenyu imi moga.
Ndizadzei o ndizadzei noMweya wenyu,
Ndinoshuvira zvachose kuva wenyu.

Ndinonyengerera, kuvimba nokutarira,
Kusimba rependakosti ndakatarira:
Ishe ndizodzei noMweya Mutsvene,
Mutumirei ndapota iye nhasi mutsvene.

O Muponisi ndisukei ndive Mutsvene.
Kuchidzai, pisai mifungo yose isina kufanira
Ishe ndizodzei neMweya Mutsvene,
Ndizodzei munditumire iwo moto wakafanira.

Hewo unouya Mweya Mutsvene!
Nomufaro mukuru mweya wotekenyedzwa,
Mufaro kunaShe Jehohavah anorumbidzwa!
Mwoyo wangu wose norudo wazadziwa.

Handichashuviri kana zvenyika zvose.
Ndiriwenyu uye ndava wenyu zvachose.
Paaritari ndapotsera zvangu zvose,
Wangu moyo wave chenyu chigaro
chokutonga.

NaOswald J Smith [HOHC 06/15]

Mwari Vane Upfumi Husingaperi

Pandinofungisisa nezvezvipihwa zvaMwari kwatiri ndinorangaridzwa neizvo zvakashandiswa naMwari kundidzidzisazve nezvedura ravo rezvokushandisa.

Nerimwe zuva mushure mokupa mhodzi yekoroni kuzvishindi zvatakavakidzana nazvo, ndakatanga kufungisisa nezvouwandu hwekoroni yaivepo kuti tingopawo zvishindi izvi. Kanapo ini nomudzimai wangu tichidondhedzera chidungurwa chimwe chekoroni pazuva, nechekuseri kweimba yedu tine mabhagidhi gumi nefararira akazara nekoroni. Hatina kurima iyi koroni kana kuitenga asi kutoti takaipiwawo sechipo nababa vangu vane yakawanda koroni yavanopawo kuzvishindi zviru muyadhi yavo. [Baba vangu] havasirivo vanoirima zvakare asi kutoti naivo vanewo sahwira murimi wavo ane chipo chokungopa uyo anovabvumira kuti vanhonge koroni yokuti vapewo zvishindi zvavo. Nedzimwe nzira, haasiri ini nemudzimai wangu tiri kuyamura zvishindi izvi nezvokudya asi kutoti baba vangu nemurimi uye vanewo ruoko rwokuisa. Kana zvishindi zvakatarira, pangori nedungurudzwa rimwe chete rekoroni zuva nezuva, asi ini ndinoziva zvangu kuti pane bhagidhi rakazara kana kutoti munda wose wekoroni wakamirira.

Asika apaka zvinotopfuurira murimi, baba, uye mudzimai wangu neni. Ndakazozvionawo zuva iroro kuti kumapedzisiro azvo Mwari ndivo vari kupa kudya kuzvishindi izvi. Ndivo vakakonzer kuti mhodzi imere, nokuti ipe zvibereko zvakapetwa pane zvakasimwa. Ndivo vanopa mushana nemvura inonaya, izvo zvinodiwa nekoroni kuti ikure. Koroni iyi chikomborero kubva kwavari Mwari. Uye havana munda mumwe chete kana zviminda zvakat kuti zvekoroni, asi kutoti munda wose wekoroni ndewavo – nemimwe minda yose zvakare. Hongu, haingori minda yekoroni chete, asiwo makomo, makungwa, matenga nepasi rose. *“Nyika ndeyaJehovha nokuzara kwayo. Nyika yose (Inoenderera Mberi Papeji 6)*

(Kubva Papeji 5) (ndeyake uye) navageremo.” “Jehovha, iye Mwari, ndiye akataura, akadana pasi pose kubva pakubuda kwezuya kuswikira pakuvira kwaro” (Pisarema 24:1; 50:1). Uye pamusoro pazvose ndivo muridzi wepasi rose panove ndipo pakadengeredzwa yedu nyika. Upfumi hwake hwakakura uye hahuna magumo. “Nokuti mhuka dzose dziri kudondo ndedzangu, nemombe pamakomo anechiuru chamazana” (Pisarema 50:10).

Mwari Vanokwanisa Kuzadzikisa Kushaiwa Kwako

Hapana kufungidzira kuti Mwari vanokwanisa kusanganirana nekushaiwa zvishuviro zvemhuka nezvo-munhu wose anotarira kwaari. “Meso avose anotarira kwamuri. Munovapa zvkudya zvavo panguva yakafanira. Munotambaanudza ruoko rwenyu. Ndokugutisa zvipenyu zvose. Jehovha akarurama panzira dzake dzose. Ane nyasha pazvose zvaanoita” (Pisarema 145:15-17 yawedzerwa kuti zvinyatsonzwika). Chokwadi chinodzokororwa nokudzokorodzwa zve mumagwaro Matsvene ndechokuti Jehovha mupi vakavimbika vane upfumi husina magumo kuti vazadzikise kushaiwa kwedu. Chokwadi ndechokuti, havangokwanisi chete “kuzadzikisa kushaiwa kwenyu kwose pafuma yake mukubwinya munaKristu Jesu” (VaFiripi 4:19), Asiwo “vane simba rokuita zvikuru kwazvo zvinopfuura zvose zvatinokumbira kana zvatinofunga nesimba rinobata mukati medu...” (VaEfeso 3:20).

Ishe Jesu vanotidzidzisa kuti titarire machengetero anoita Baba vedu vari kudenga shiri dzemudenga nemapfekedzero avanoita uswa uye nesuwo tigova nekutenda kuti vachaita kwatiri zvapakufuura izvozvo. “Tarirai shiri dzokudenga hadzibvari hadzicheki hadziunganidzi asi Baba venyu vokudeanga vanodzipa zvakudya [panguva yakafanira]. Ko imi hamudzipfuuri zvikuru here? Fungai maruva ebundo kumera kwawo, haabati haaruki, asi ndinoti kwamuri kunyange nnaSoromoni pakubwinya kwake haana kushongedwa serimwe rawo” (Mateo 6:25-30). Zvakare Jesu vanotirangaridza kuti, “Kumbirai muchapiwa. Tsvagai muchawana. Gogodzai muchazarurirwa. Nokuti mumwe namumwe anokumbira unopiwa, unotsvaka unowana, unogogodza unozarurirwa” (Mateo 7:7-8). Zvino kana isu takaipa, Jesu vanoenderera mberi, tichiziva kupa vana vedu “zvakanaka, Baba vedu vari kudenga vachapfuvirisa seiko kupa zvinhu zvakanaka ivo vanokumbira kwavari” (Mateo 7:11). Tinokwanisa kukumbira tinokutenda kwakasimba nokuti tinoziva kuti Baba vedu vari kudenga vanoiziva zvatinoshaiwa tisati tatambo vakumbira.

Kuchengetedza nokupa kwaMwari kwatiri, kunopfuurira kuzvinodikana nenyama. Unoda here kunyaradzwa? NdiMswari wokunyaradzwa kwose, (2 VaKorinde 1:3). “Mwari ngavavongwe, ivo Baba vaIshe wedu Jesu Kristu. Baba vengoni, Mwari wokunyaradzwa kwose, iye anotin-yaradza pakutambudzika kwedu kwose, kuti isu tive nesimba rokunyaradza vari mukutambudzika kupi nokupi,

nokunyaradzwa kwatinonyaradzwa nako naMwari.” Unoda here nyasha? “Mwari vanogona kukuwanzirai nyasha dzose kuti nguva dzose muve nokuringana kwose pazvose, kuti muwanze mabasa ose akanaka” (2 VaKorinde 9:8). Unoda here rugare? Vane rugare runopfuurira kunzwisisa kwose, “Zvino rugare rwaMwari runopfuura kunzwisisa kwose, rucharinda moyo yenyu nemifungo yenyu muna Kristu Jesu” (VaFiripi 4:7). Unoda here mwoyo munyoro netsitsi? “Tarirai vakatsunga moyo, tinoti vakaropafadzwa: makanzwazvokutsungirira kwaJobho, mukaona Ishe zvakavavarira naye, kuti Ishe anomwoyo munyoro kwazvo, unetsitsi” (Jakobho 5:11). “Nokuti tsitsi dzavo hadziperi. Mangwanani ose zvava zvitswa, kutendeka kwenyu kukuru” (Kuungudza 3:22). Unoda here kuchengetedzwa? “Jehovha achakuchengeta pazvakaipa zvose. Achachengeta mweya wako. Jehovha achakuchengeta pakubuda kwako napakupinda kwako. Kubva panguva ino kusvikira pakusingaperi” (Pisarema 121:7-8). Unoda here simba? “Ishe wedu mukuru; anesimba guru uy enjere dzake hadziperi” (Pisarema 147:5), uye “vanokwanisa kukubatsira kuti ubve pachinhanho chokubwinya uchienda pane chimwe chinhanho chokubwinya” (Pisarema 84:7). Unoda here kutsungirira? NdiMwari “wokutsungirira nowokunyaradza” (VaRoma 15:5). Unoda here kudzivirirwa nehuvepo hwake? Unokuvimbisa kuti haatongokuregi uye haakusiyi. Unoda here upenyu pamweya? Anokupa zvinopfachukira (Johane 10:10). Unoda here njere neungwaru? “Zvino kana mumwe wenyu achishaiwa kuchenjera ngaakumbire kunaMwari uyo unongopa vose asingasariri...” (Jakobho 1:5). Aripo here waunoziva ari kuramba ruponiso? Mwari vanogona kuita zvisingabviri? (Mako 10:27) uye “vanesimba rokuponesa kwazvo-kwazvo avo vanouya kuna Mwari naye [Jesu], zvaanorarama nokusingaperi kuti avareverere” (VaHebheru 7:25). Unoda here rubatsiro kuti ukunde miedzo? “Mwari vakatendeka haangatenderi kuti kuti muidzwe kupfuvura pamunogona napo, asi pamwe chete nomuidzo iye achakupai vo nzira yokubuda nayo, muve nesimba routsunga.” Unoda here kuporeswa? NdiIshe vanoporesa zvirwere zvako zvese (Pisarema 103:3).

Unoda here kuva mutsvene? NdiMwari vanogona kukuita mutsvene, agochengeta mweya wako, nomwoyo nomuviri, paisina zvazvingapomerwa. Unoda here kugezwa kubva kuzvivi? Ropa reMwanakomana wake rinogona kukunatsa kubva kuzvivi zvose. “Asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari muchiedza tinoyanana isu; neropa raJesu Kristu Mwanakomana wake rinotinatsa pazvivi zvose.” Unoda here kururamiswa. Ruoko rwake “rworudyi ruzere nokururama” (Pisarema 148:10). Unoda here kuca netariro? NdiMwari vetariro avo vanogona kukuza-dza nemufaro, norugare pakutenda kwako kuti uve netariro yakawandisa. “Zvino Mwari wetariro ngaakuzadzei nomufaro wose norugare pakutenda kwenyu kuti muve netariro yakawandisa nesimba roMweya Mutsvene” (VaRoma 15:13). Unoda here rudo rwaMwari? Rudo rwake muna

Kristu rune urefu, ufaru, hudzamu noudzamu hunopfuurira kunzwisisa kwose. (VaEfeso 3:18-19). Unoda here kusunungurwa? Mwanakomana wake ane chokwadi chinokusunungura, “kana Mwanakomana akakusunungura uchusununguka zvachose” (Johane 8:36). Unoda here kukunda? “Ukuru ndohwenyu Jehovha, nesimba nokubwinya, nokukunda noumambo, nokuti zvose zviri kudenga nezviri pasi...” (Makoronike 29:11).

Hongu ndingaramba ndichienda nokuenda. Chose chaunoda, Mwari vanozvo nouwandu kuti vakupe. “*Ravirai henyu muone kuti jehovha akanaka. Akakomborerwa munhu anovimba naye... Vana veshumba vanoshaiwa, vanofa nenzara; asi vanotsvaga Jehovha havana chinhu chakanaka chavangashaiwa*” (Pisarema 34:8-10).

Kumbira Zvinhu Zvikuru Kuna Mwari Mukuru

Papeji yetanhatu, muHerald Of His Coming yaSeptember pane muunganidzwa weminamoto nezviverengwa, zvakanyorwa nevechiPuritan. Mumwe munamoto uri mubhuku rakaburwa minamoto iyi unotidanira kukupa kwaMwari.

“Chinopfuura renyu simba hapana,
Chipi chikuru chamungatadza hapana,
Chakanaka chamungatadza kut’pa hapana,
Renyu simba harina magumo,
Rwenyu rudo haruna chipimo,
Dzinobwinya tsitsi dzenyu,
Kwatiri ruponiso chairwo zita renyu”

Munamoto iwoyo unoenderera mberi nezvichemo zvakati kuti uye unoguma neaya manzwi, “Ndokumbira zvinhu zvikurusa kubva kuna Mwari Mukuru.”

Zvechokwadi ndiMwari mukuru, vane mhinduro huru kuminamoto yenyu. Zvinipise pamberi pake uye tsvaga uso hwake, umambo nokunaka kwake. Durura mwoyo wako kwaari uye durura kushaiwa kwako pamberi pake nokuti vane hanya newe (1 Petro 5:7). Vimba naye nomwoyo wako wose uye vachazviratidza kwauri. Upfumi hwavo hahuna magumo uye hunyoro hwake hwakasvika kudenga denga (Pisarema 36:5).

“*Avo vanoziya zita renyu vachavimba nemi; nokuti imi Jehovha hamuna kurasha vanokutsvakai*” (Pisarema 9:10).

ISHE NDINO BVUMA

NaRichard Owen Roberts

Nenyasha dzaMwari ndakave mutendi muna Jesu Kristu kubvira paujaha hwangu. Mumakore ose orwendo rwangu somutendi, ndinoziva zvazvinoziva kukwira makomo makuru omufaro pachiKristu uyewo nokudonhera mumikaha yerima pazvomweya. Ndakava nemwaka yakareba yokufara muchikristu changu uyewo nenguva dzokudzimbiana kukuru potse kusvika pakupera simba. Mudzimwe nguva ndakafadzwa nepfungwa yokuregererwa kwezvivi asiwo nedzimwe nguva ndinombozvibvunzisisa kana Mwari vokudenga vangandiregererawo. Mumakore ose iwaya ndakadzidza kudikanisa kunodiwa kuti pave nokufamba pamwe chete naKristu uye nokutyisa kwesimba raSatani kukundidhonzera mushure kubva pakuzvipira kwangu kwose kwakadzika muna Kristu.

Makore iwaya ose akaratidza pachena kukosha kunodiwa mukusakurira mweya yedu uye nehunyore huripo kudzokera kumashure. Kusawirirana naMwari pakanhu kadukuduku kunokwanisa kungundumutsa fambira mberi pazvomweya uye kugobvumira kusungwa kwenhanho dzedu nedzokerashure pazvomweya.

Ongororo yangu pakurwa kwomweya kwomutendi hakuna kungova kwngu ndega bodo. Mushure mokudzidzisa nokuparidza munzvimbo dzakasiyana-siyana kwemakore makumi mana apfuura aya ndakazozvionera pamhuno sefodya kuti kusawirirana naMwari ndiwo mudzi wematambudziko omunhu pamweya. Zvinosuwisa zvikuru, kana ndikarangerira vamwe vairakidza kufamba naKristu nomufaro namanyukunyuku, avo vasisina manyukuku-nyuku

iwayo sezvaiveri. Munhu angakwanisa here kuverenga gurumwandira ravanhu vaanoziva manzwi akafanira, uye vanorakidza kuva noumwari, asi vachiramba simba racho. Ko simba ravo rakaenda kupiko? Hazvingadaro here kuti kakusawirirana naMwari ndiro dambudziko ravo guru.

Chionekero [kana kuti chirakidzo] chikuru chokusabvumirana naMwari ichi, ndechokuti kana nyika yakatarira, haichanzwisisi chaizvo-izvo chokwadi chechiKristu, nokuti vanoona sokunge huremu hwokusatenda kwamamirioni avanoziidza vaKristu “*vakazvarwa patsva*” – uye zvechokwadiwo ndevaya vasiri maKristu zvachose, kana kuti havasiri makristu mumabasa – hwakakurisisa zvikuru, pane huremu hweavo vashoma vaKristu vezvokwadi vakatendeukira chaizvo-izvo kuna Kristu.

Mutsurudzo Inokwanisa Kutanga Newe

Mutsurudzo yechikristu chechokwadi ndiyo chete ingakwanisa kupidimudza mamiriro akaipa aya ezvinhu uye igoita kuti Kereke yava Kristu igova nesimba zvakare rezvakanaka muna Mwari munyika yedu yanhasi. Kanapo mutsurudzo iri kudikana iyi ichifanira kuva nemutsindo mukuru, kutsvairira vanhu kubva muumambo hwamanzwi chete kunovapinza muumambo hwesimba, uye vamwe mamirioniwo kubva muumambo hwerima kupinda muchiedza, inofanira kutangira nezvidukusa uye nemuupenyu hwedungamunhu.

Koi we umire papi panyaya iyi? Zvichida uri mutendi
(*Inoenderera Mberi Papeji 8*)

(Kubva Papeji 7)

mutsva achangotangisa upenyu hwechiKristu. Zvichida une ruzivo rushoma pamusoro pamanomano anoitwa naSatani kuvana vaMwari. Rega ndikuvimbise mudikani kuti, kushaikwa kwose uku hakusi kuzatora nguva yakareba bodo! Wakaipa ane chinangwa chokukubira mufaro wako nesimba rako. Kana akangokwanisa chete kukunyengera kuti usabvumirana naMwari pazvinhu zvose, anenge akurongera kupunzika kukurusa.

Zvichidawo ungaro uri mukristu akura akwanisa kufamba naKristu kwenguva yakareba. Kana zvakadaro wave kuziva kwazvo-kwazvo kukosha kwokuchengetedza chibvumirano chako naivo Mwari vedu vakavimbika kuzvibvumirano zvavo. Asika uri kubvumirana here naMwari wako sezvaunofanira kuva. Hazvingadaro here kuti kushaiwa kwako simba pamweya kuripo nokuda kwakusabvumirana kwako naMwari patunhu tunoita setudukusa muupenyu hwako?

Zvichida uri mumwe wava kristu vane kutenda kunombokwira-kwira nokudzika, kwechihwande-hwande, kwokungotenderera pasina kwachinoenda, hakunyatsogutsa kwenguva yakareba, asika izvi zvoga ndoozvaunoziva. Hausikuzviona here kuti kusatenda ndikwo kuri pamwongo wedambudziko raunaro, sezvo kupokana naMwari nokusatenda kwaari chingori chinhu chimwe chete.

Kuwirirana naJesu Kristu ndeicho chinofanira kusarudzwa nomutendi wose ari kumutsurudzwa. Kuwirirana naJesu Kristu muna zvose ndicho chete chinokwanisa kutipa budiro pamweya. Kubvumirana naye zvakazara muzvinhu zvose uye munguva dzose, ndiko kugara uri mukumutsurudzwa. Kusabvumirana naMwari muzvinhu zvose kupfukutwa pamweya uye kurasikirwa nenyasha dzekumutsurudzwa dzaJesu Kristu idzo dzinodikana zvakananyanya muupenyu hwako panguva ino.

Kutenda Nokuteerera

Zvichibva muShoko raMwari, chinhu chakaoma zvikuru, [kana kuti hazvibviri] kumufadza Mwari kana pasina kutenda. Kutenda kunodiwa apa kubvuma hwevepo hwaMwari uye nokutenda zvichibva pamwoyo kuti anopa mubairo kuavo vanomutsvaga nemwoyo yose. Kushingairira mukutsvaga Mwari kunoda kuzvipira kuzvokwadi yaanotivhurira nazvaari uye nezviga zvaanotambanudzira kuuvo vanomutsvaga. Kufuratira kuzviratidza kwavo kwatiri kana urongwa hwavo pamusoro poupenyu hwedu chirakidzo chokusatenda. Kusatenda uku kunobira varume navakadzi kuregererwa kwezvivi uye magumo azvo kutongwa kusingaperi. Tinoponeswa nokutenda muna Ishe Jesu Kristu. Kutenda kunoruponeso uku hakusiri kungodzengereka wakabatirira pazvi zvaKristu asi kuzvipira zvachose kuumambo hwavo.

Kuti “ndinotenda muna Jesu Kristu” asi iwe usingatendi maari, upenzi hunakatyamadza zvikuru. Kana ndichitenda maari, ndinofanirawo kutenda zvaanotaura. Kana

ndichitenda chaizvo izvo kuzvaanotaura ndichitenda kuzvose zvaano tema. Kana ndikasaita zvaanotaura ndinofanira kutarirana nemubvunzo wake mukuru, “Ko munondidaidzirei kuti Ishe Ishe musingaiti sezvandinotaura” (Ruka 6:46). Ko imhinduroi ingapiwa nomunhu kumararamiro akadai?

Jesu Kristu vakanoomesa musoro pavakati, “*Havaziri vose vanoti kwandiri Nhai Ishe nhai Ishe vachapinda muushe hwokudenga asi avo bedzi vanoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga. Vazhinji vachati kwandiri neziva irero ‘Nhai Ishe Ishe ko isu hatina kuparidza [kana kuporofita] here nezita renyu? Uye nezita renyu takadzingawo mashave akaipa uye nezita renyu, takaita mabasa makuru anoshamisa’.* Zvino ini ndichavaudza kuti “*handina kumbokuzivai ibvai pano imi vaiiti vezvakaipa*” (Mateo 7:21-23).

Kumwe kukunda kukuru kwaitwa naSatani kubudirira kwake kunyengera vatendi vazhinji kuti vabvume kuti munhu anokwanisa kuponeswa kubva muGehena asi vasina kuponeswa kubva pazvivi zvavo. Vazhinji vari kuvimba naJesu somukoto wokutiza moto kubva mumarwadzo kusingaperi, asi vasina tarisiro yokupfugamira kuuutongo Hwake uye vachifamba mazuva ose mukumuteerera. Zvinoshamisa ndezvokuti vanofunga kuti vangatora Jesu saMuponisi asi vachimuramba saTenzi. Vanoda kuva zvizvarwa muumambo hwake asi vachiramba utongi hwake.

Vanotsvaga kumbambashira umambo hwedenga nerumwe ruoko ukuwo rumwe ruoko rwakambambashira umambo hwenyika. Vachikanganwa Mateo 6:24 “*Hakuna munhu angakwanisa kushandira vaTenzi vaviri, nokuti anogona kuda mumwe achivenga mumwe uye angave akatendeka kuno mumwe achivengawo mumwe. Asi haagoni kushandira Mwari pamwe chete nepfuma*” – vanoita ivhangeri ive upenzi uye vafpedzera manyepo aSatani sechokwadi chaMwari. Chonosuwisa ndechokuti vanhu ivava ndeve umambo hwamanzwi chete kwete hwesimba.

Hama yangu mutendi Jesu ndiIshe! Izvi zvinoda kutend! Ndoozvatinofanira kupfugamira! Pane zvatinofanira kuita pamusoro pazvo! Tikakoniwa ipapa takoniwa pazvose!

Chobvumirano Chakakosha

Kuzvidzidzisa kupinda muchibvumirano chakazara pazvinhu zvose uye chiripachena naMwari ibasa rakakosha zvikuru rinotarisanana nomutendi wose. Kurumbidza Mwari kunoshaiwa basa kana ukasabvumirana naye. Chinamoto chechokwadi chinovapo chete kana panokubvumirana pakati pachinonamatwa neicho chinonamata. Humbowo hunosimbiswa chete neMweya nokurumbidza Mwari kana pano kuyanana pakati pezvatinotaura nezvatinoita. Mabasa ose echitendero anoshaiswa basa pamweya kana kusatenda kwozviratidza nokupokana naMwari.

Mutendi mutsva angatadza kubvumirana naMwari pazvinhu zvose nemhaka yokuti anenge asati ave noruzivo rwakadzama paanotanga. Asika anofanira kubvumirana neizvo zvose zvaanoziva. Paanozokura mukutenda kwake kwechikristu kuzvipira kwake kuneizvo

zvose zvaanodzidziswa naMwari kunofanira kufambirawo mberi zvichienderana noruzivo rwake rwaMwari uye nekunzwisisa kwake pamusoro peizvo Mwari vanoda kuti aite. Apa ndipo vazhinj vanorasika nzira. Zvawaiveri nezuro hazvisizvo zvaunofanira kuva nhasi. Hazvina kukwana kuti ndingoti ini ndakabvumirana naMwari, bodo ndinofanira kubvumirana naye iko zvino. Ko zvinobatsirei kuti ndigova aitenda panguva yandaiva neruzivo rushoma uku nhasi handichatendi asi ini ndave noruziva rwakawanda. Kuwirirana kwazara munazvose naMwari, ndiyo chete nzira yokumafaro nesimba zvauri kuvavirira kuwana muupenyu hwako.

Pano ndasarudza nzvimbo dzakakosha gumi nembiri (12) apo chibvumirano naMwari chinofanira kuchengetedzwa nguva dzose.

Kukoniwa ipapa ingozi huru kumweya wako. Ndine chivimbo chikuru chokuti uchaziva zvakapfurikidza simba remutsurudzo. Rega ndikudanidzire kudzamisa ndangariro dzako kuizvi zviibvumirano gumi nezviviri pakati pako naMwari vanochengetedza zviibvumirano zvavo. Nyatsozviverenga mudikani! Fungisisa zvakadzama pamusoro pechimwe nachimwe chazvo. Fungisisa pamusoro pamagwaro aunopihwa! Ramba uchizviibvunza mubvunzo uyu: “Ndiri kubvumirana here naMwari pazvose zviri muchinyorwa chino?”

Tendeuka kubva mukusabvumirana kwako naMwari. Pinda muchibvumirano naye pazvose zvaanotaura. Zvipereke kukuchengetedza zviga zvose zviri muchibvumirano chino, iye Mwari anochengetedza chibvumirano chake, achaita basa renyasha rinoshamisa rokumutsiridza mweya wako, rausingazofi wakarega kumurumbidza muupenyu hwako hwise.

1. Ishe ndinobvuma maonero enyu pamusoro poupenyu hwangu.

Ishe ndinobvuma kuti munondida uye nokuti ndini ndakafirwa naKristu Jesu, zvakare ndini anonzi “*uyo nauyo*” pana Johane 3:16, izvi zvichireva kuti ini ndiri-wakakosha zvikuru kwamuri. Ndinobvuma kuti makandida norudo rusingaperiperi zvakare murudo rwenyu runenyasha murikuramba muchindisebedzera kwamuri (Jeremia 31:3; VaRoma 8:35; 1 Johane 3:1; 4:10).

Ishe ndinobvuma kuti mune hurongwa neupenyu hwangu uye nokuti kana ndikarama upenyu hunoenderana nehurongwa hwenyu ndichawana mufaro wakawedzerwa uye nokushandisika pose pamunenge mandizarurria [mukana webasa] (Zvirevo 3:5-6; Mateo 5:3-12; VaFiripi 2:12-13; 2 Timoti 1:9; VaHebheru 13:20-21).

Ishe ndinobvuma kuti upenyu hwangu hurefu hwakapfuura pasina kukura kunoonekera pamweya, zvakare handichafaniri kutambisazve nguva nemikana [yokukura] (VaEfeso 5:14-17).

Ishe ndinobvuma kuti ndingangodaro ndiri kurarama zuva rangu rokupedzisira nhasi uye nokuti ndinofanira

kuchenjerera zuva rimwe narimwe sokunge ndiro roku-guma, uye ndigori raramira kurumbidza kubwinya kwenyu (Pisarema 39:5; 90:10; 1 VaKorinde 7:29; Isaya 4:14-17).

Ishe ndinobvuma kuti imi mune kodzero yokuva Mambo woupenyu hwangu nemhaka yokuti parufu rwokuzvipira rwaJesu Kristu makanditenga neizvo zvose zvangu, nguva, mari, mbatya dzangu, mabhizimusi, mhuri yangu, zvisuviro zvangu, mararamiro angu, izvo zvandinotaura nokufunga, zvose zvinofanira kuva pasi poutongi hwenyu (VaRoma 14:8; 1 VaKorinde 6:19-20).

2. Ishe ndinobvumirana nemi pamusoro pezvivi zvangu.

Ishe ndinobvuma kuti chivi chagara uye nanhasi ringori dambudziko guru saka naizvozvo ndakafanira Gehena (VaRoma 3:9-12; 7:24; Efeso 2:1-2; VaHebheru 12:1).

Ishe ndinobvuma kuti ukukutu hwezvivi zvangu hwagara uye nanhasi hunopikisana nemi. “*Ndakakutadzirai imi, imi moga, ndakaita chinhu chakaipapameri penyu; makaita zvakana murchinditonga uye kutonga kwenyu kwakarurama*” (Pisarema 51:4). “*Zvino ndingaite Seiko chinhu chakaipa zvikuru kudaro ndichitadzira Mwari*” (Genesisi 39:9).

Ishe ndinobvumirana nemi kuti kutendeuka kunodikanisa zvikuru, uye kuti handifaniri kutora mukana wenyasha dzenyu, ndotadza kutendeuka (VaRoma 2:4) zvakare nokuti handizofi ndakanzwa kutonhorera kunounzwa nemutsurudzo muupenyu hwangu kusvikira ndaita ose matanho aya (Mabasa 3:19).

a. Ndinobvuma kuti kutendeuka chiito chepfungwa noupenyu.

b. Ndinooona kuti zvivi zvose zvandinoziva ndinofanira kuzvisiya mukutendeuka.

c. Ndinozvipereka kuti hapana chivi chinganzi chidukusa pamberi penyu.

d. Ndinoziva kuti ndinofanira kutendeuka kubva kuzvivi zvose zvakavanzika.

e. Ndinobvumisisa kuti zvivi zvose zvinofanira kubviswa zuva nezuya kuti zvisakura nokupa zviibereko mandiri.

Ishe ndinobvuma kuti kureurura zvivi pachena chinhu chakafanira (Jakobho 5:16) uye kuti kureurura zvivi zvakavanzika chinhu chinofanira kuitwa nguva dzose. “*Zvino kana iwe uchiuya kuaritari nechipo chako, ukarangerira pakarepo kuti une hama yako ine mhoswa newe, ibva wasiya chipo chako paaritari ipapo uende kunowadzana naye ugouya hako wopereka chipo chako*” (Mateo 5:23-24).

Ishe ndinobvuma kuti kudzorera zvose zvandakatora zvisina mvumo, zvakakodzera kuti pave nemutsurudzo muupenyu hwangu (2 Samueri 12:6; Jeremia 35:15; Ezekia 33:15; Ruka 19:8), nokuti ruzivo rwokuti aripo andakabiridzira asi ndisina kumuripa kunodzivirira muzwandega wangu kubva pakuzvipa mhoswa navanhu vose (Mabasa 24:16), uye kunondisiya ndine kuzvitongesesa kunozokanganisa minamoto yangu (1 Johane 3:20).

(Inoenderera Mberi Papeji 10)

(Kubva Papeji 9)

3. Ishe ndinobvumirana nemi pamusoro poupenyu hutsvene.

Ishe ndinobvumirana nemi kuti kana pasina utsvene hazvibviri kuti munhu aone Mwari (VaHebheru 12:14).

Ishe ndinobvuma kuti utsvene ndikwo kuda kwenyu pamusoro poupenyu hwangu, “*Zvino izvi ndizvo zvamunofanira kuitirawo Mwari, Mwari anoda kuti muve vanhu vakakwana vakazvitsaurira kwaari bedzi vasingaiti upombwe*” (1 VaTesoronika 4:3).

Ishe ndinobvumirana nemi kuti kubva kwandiri hamungakumbiri zvisingabviri uye nokuti ndinofanira kusiyana nekatsika kokungotsvaga wandinopomera mhosva nokushaiwa kwangu utsvene, ndichiti “Zvokwadi Mwari vanonzwisisa kuti ndingoriwo munhu”, uye ndigitora kunaka nokuwanda kwenyasha dzenyu somukana wokubvumira kugoniwa kwangu (VaRoma 6:1-2).

Ishe ndinobvuma kuti utsvene hwangu hwakatengwa naKristu pamuchinjikwa wake. (1 VaKorinde 1:30) uye kunogamuchirwa chete, nokutenda, sokushairwa mhosva yandinopomerwa (2 VaTesoronika 2:13).

Ishe ndinobvuma kuti makandisarudzira utsvene (VaEfeso 1:4) uye kusarudzwa uku kwandibvisira kodzero yangu yose yokusarudza chivi. Ndinotambira sebasa rangu rezuva nezuva kuzviona sendakafa kuzvivi uye kuti ndave mupenyu muna Mwari (VaRoma 6:11).

4. Ishe ndinobvumirana nemi pamusoro pokuchenjerera kwangu zvose zvandinopinza mundangariro dzangu.

Ishe ndinobvuma kuchenjerera zvose zvandinoteerera verenga nokuona: mungava mumabepanhau, mabhuku, paterevhizheni, muzvinotengeswa, vechikadzi vandinosangana navo mumigwagwa, (Jobho 31:1), uye [ndinobvuma] kuti zvingatove nyore kushaya meso pano kuva nemeso anonditungamidza kugehena. (Mateo 18:9-10).

Ishe ndinobvuma kuchenjerera zvose zvandinoteerera, chiramu, makuhwa, kungotsoropodza vamwe, kunyengera, maonero pane zvechitendero, ngano dzounyengeri, zvakare ndichagara ndichirangarira mashoko aJesu okuti “... *chenjererai pakunzwa kwamunoita*” (Ruka 8:18), uye “*Chenjererai zvinhu zvose zvamunonzwa...*” (Mako 4:24).

Ishe ndinobvuma kuchenjerera zvose zvandinobata uye namabatiro andinoita, zvakaita semari, mbatya, zvapabonde, nezvimwewo zvakadaro, ndichichenjerera manomano echivi choruchiva (Ekisodho 20:17; Zvirevo 15:27; Mateo 6:27-30).

Ishe ndinobvuma kuchenjerera zvandinoravira noku-funhidza zvose nezvikonzero zvazvo, nokuti ndinonzwisisa kuti udyire nokudhakwa kwose zvakaipa pamberi penyu (Pisarema 34:8; 119:103; Zvirevo 23:2-3, 20-21; Ruka 21:34; VaRoma 16:18; 1 VaKorinde 10:31; Garatia 5:19-21; VaFiripi 3:19; Jakobho 1:13-15; 1 Petro 2:2-3; 4:3).

Ishe ndinobvuma kuisa dziviri pamusoro poupenyu

hwangu hwose, ndichiziva kuti muviri wangu iTembere roMweya Mutsvene (Mateo 10:28; VaRoma 6:12; 8:13; 1 VaKorinde 6:19; 9:27).

5. Ishe ndinobvumirana nemaonero enyu pamusoro pemwoyo muviri uye neziso rimwe.

Ishe ndinobvumirana nemi kuti vakakomborerwa vakachena pamwoyo uye ini ndichateverera muenzaniso wokuzvidurura kwenyu (Mateo 5:3-5) kuti ndigova, uye ndigare ndakazadzwa nokururama zvakare ndigova akachena pamwoyo (Mateo 5:8).

Ishe ndinobvuma kuti zvikumutu kuda Mwari uye nemari saka naizvozvo ndichauraya kwose kuna kwenyama, ndichiramba kuzviunganidzira pfuma panyika. (Mateo 6:19-24).

Ishe ndinobvuma kuti munhu ane moyo miviri anoshanduka shanduka panzira dzake uye munhu iyeye ngaarege kufunga kuti uchazowana chinhu kubva wamuri nokuti anonyangadza wamuri, nokuti sefungu renyanza anosundwa nokumutswa mutswa (Jakobho 1:5-12).

Ishe ndinobvuma kuti kana ndikada nyika nzviri mairi rudo rwenyu haruzi mandiri, nokuti zvose zviri munyika zvinoti kuchiva kwenyama nokuchiva kwemeso nokuzvikudza kwovupenyu hazvisiri zvenyu asi zvenyika izvo zvinopufura. Ishe ndinobvuma kuti avo vanoita kuda kwenyu vachagara nokusingaperi (1 Johane 2:15-17).

Ishe ndinobvuma kugara ndichibvumiranawo nomumbi pamunamato unoti “*ndidzidzisei nzira dzenyu Jehovha, ndichafamba muzvokwadi yenyu, Batanidzai moyo wangu kuti nditye zita renyu*” (Pisarema 86:11).

“Oh, Ishe wangu kununurwa kubva mukuzvisunga kwangu,

Oh Ishe kuti ndirasikire mamuri

Kuti kusave ini zvakare Ishe wangu,

Anorarama mandiri asi iye oga Kristu.”

6. Ishe ndinobvumirana nemi pamusoro pemafam-biro angu amazuva ose.

Ishe ndinobvuma kuti chikonzero chokutadza kwangu kumushure, kwaiva kushaikwa kworudo kwamuri uye nokushaiwa nguva nemi, asika apa ndinenge ndichireva nhema nemhaka yokuti neniwo nguva ndinayo mazuva ose sevamwe vose vanorarama, zvakare chinhu chose chine nguva yachinofanira kuitwa (Muparidzi 3:1-9).

Ishe ndinobvuma kukusha kwokurumbidza nokuyemurai rudo rwenyu nokuti mamuri ndinorarama, nokufamba uye ndomandiri (Pisarema 5:3; 92:1-2; 145:2; Dhanyero 6:10; Mabasa 17:28; VaHebheru 13:15).

Ishe ndinobvuma kusendekanguva parutivi dzomunamato uye ndichitsvaguridza zvakadzamisisa pamunyengetero nguva dzose (1 Koronike 16:11; Ruka 6:12; 18:1; Mabasa 6:4; VaRoma 12:12 VaKorose 4:2).

Ishe ndinobvuma kusendeka nguva padivi yokudzidza Shoko renyu nokuverenga Shoko renyu munguva

yomunamato, kuti ndive anofadza pauso hwenyu uye ndakashongedzerwa kuraramira umwari munyika yakaipa kudai (Pisarema 119; Jeremia 15:16; Johane 5:39; 20:31; Mabasa 17:11; VaRoma 15:4; 2Timoti 2:15; 3:16).

Ishe ndinobvuma kuti zviito zvakanaka zvakaoma kusakurira nokukudza uye zvirinyore kutyora, naizvozvo zvinoda rubatsiro rwenyu mukusima nokudzikisa uye kuchengetedza kufamba kwakadai nemi (VaRoma 6:4; 8:1-4; Garatia 5:25; VaEfeso 2:10; 5:8-15).

7. Ishe ndinobvumirana nemi maererano nokuti ndive mumwe wechikwata chomunyengetero nochokuchengeta vamwe.

Ishe ndinobvuma kuti kugara ndichinzwa Shoko renyu richiparidzwa nokudzidziswa zvakakoshesesa zvikuru uye ndinovimbisa kuchengetedza Zuva Rashe nomwoyo wose (Pisarema 55:14; Isaya 56:2; Ruka 24:52-53; 1VaKorinde 1:18; VaHebhuru 10:25; Ekisodho 20:8-11).

Ishe ndinobvuma kuti ndinoda rubatsiro kubva kuvamwe vatendi mukukwichidza moto wokuzvipira nokuchena uye ndinozvipira kuva nhengo yakakosha mukuyanana kwavaKristu (Mabasa 2:41-42; VaGaratia 6:2; 2 VaKorinde 8:4; VaEfeso 2:19; VaHebheru 3:13-14).

Ishe ndinobvuma kupinda muchiungano chomunamato icho chinasangana nguva nenguca kunyengeterana nekunyengeterana mutsurudzo muKereke yose uye kana ndikashaya chikwata chakadai chiripo iko zvino ndichaedza napose pandinogona kutanga chiungano chakadai (2 VaKoronike 7:14; Pisarema 80; Mateo 18:20; 1 VaTesoronika 5:17; 1 Timoti 2:8).

Ishe ndinobvuma kuva wakawimbika ndisina chandinovigira kuhanzvadzi navakoma vangu munaShe, kuti navowo vandikurudzire nenzvimbo iri pamusoro, kunyaradza, kutuka uye nokundibatsira muzvinhu zvose zvoumambo (Pisarema 32:2; VaRoma 12:9; 2 VaKorinde 4:2; VaGaratia 6:2; VaEfeso 4:25; VaHebheru 3:13; Jakobho 5:16).

Ishe ndinobvuma kuita munyengetero wemuturudzo, pamunhu mumwe chete kana sangano, chiga chikuru chomunamato wokumirira pangave pachangu pangave pamunamato yangu ndoga kana kuti ndakasangana nevamwe (Pisarema 51:10, 12; 85:6; Habhakuki 3:2; Mateo 9:38).

8. Ishe ndinobvumirana nemi pamusoro pokuti ndive chiedza pamberi pavanhu nokuva munyu wenyika.

Ishe ndinobvuma kuti izvi zvinoreva kubuda pachena mumhupuro yangu pamusoro penyu kumunhu wose mukufamba kwangu kwechikristu (Ruka 12:8; Mabasa 4:20; 22:15; VaRoma 10:9; 1 Johane 4:15).

Ishe ndinobvuma kuti izvi zvinotora kuzvipira munazvose zvandinotaura nokuita uye kubviswa kwokunyengera kwose. Ini ndinoshuwira kuva saNatanieri uyo amakati aive muIsraeri chaiye asina chaanopomerwa (Johane 1:47; VaKorose 3:23).

Ishe ndinobvuma kuti izvi zvinotoda kushinga mukutarisana nenyika iri kunze uko namashoko aKristu zvakare ndinofanira kugadzirira kuparidza, kuraira, kutuka nenguva yakafanira kana isina kufanira (Isaya 41:10; Mabasa 4:3; VaFiripi 1:28; 2 Timoti 4:1-2).

Ishe ndinobvuma kuti izvi zvinoda kushingairira uye kuti ini handifaniri kudududzira shure kana dai ndichipfuvura nemunguva yakaooma, kutarirana nengozi kuupenyu hwangu, kana kuderera kwemubairo wangu kana kwaamadzisahwira angu (Mabasa 4:13-21; 20:23-24; VaGaratia 6:9; VaFiripi 1:27; 1 VaTesoronika 5:21).

Ishe ndinobvuma kuti izvi zvichandiyanyika pachena uye saKristu (Johane 10:14-18), zvinoda kuti ndipire upenyu kuna vamwe (Ruka 9:23; 14:26; Johane 3:30; 12:25; VaRoma 15:1; 1 Johane 3:16) asi nyenya dzenyu ndichabvisa huori munyika ino nokuva munyu zvakare ndichaparidzira chokwadi nokuva chiedza (Mateo 5:13-16).

9. Ishe ndinobvumirana nemi pamusoro pechinzvimbo chorudo muupenyu hwangu.

Ishe ndinobvumirana nemutemo wenyu mukuru wokutanga uyo unoda kuti ndikudei nomwoyo, nemweya nesimba uye nepfungwa dzangu dzose (Mateo 22:37-38) zvakare nokuti rudo rwangu runoratidzwa nokuteerera kwangu mitemo yenyu (Johane 14:23; 15:9-14; 1 Johane 2:3-5).

Ishe ndinobvumirana nemutemo wenyu mukuru wechipiri uyo unondiraira kuti ndide wokwangu sokuzvida kwandinoita (Mateo 22:39) uye nokuti kuda kwangu vamwe chiero chorudo rwangu kwamuri (1 Johane 4:20-21).

Ishe ndinobvuma kuti iyi mirayiro uye kuti rudo harusiri nwiramunyama chete asi ndeicho chandinokwanisa nokufanira kuita nokuva (1 VaKorinde 13).

Ishe ndinobvuma kuti imi ndimi chitubu chorudo (1 Johane 4:7, 19); uye kuti zvirakidzo zvokushaikana kworudo mandiri chirakidzo chokupazikana kwoukama hwangu nemi (1 Johane 2:9-11; 3:14; 4:7-12).

Ishe ndinobvuma kuti kubatana kwezvokwadi kwavatendi muna Kristu ndikwo kuda kwenyu uye ndicho chirakidzo chorudo rwangu kuvamwe (Johane 17). Naizvozvo ndinozvipireka kuva musimbote worusununguko, kuyanana uye ndinoramba kuva mharadza musasa pamusoro petunhu, kana tuzviito, kana zvimwe zvinhu zvisinei nechokuita nyenya dzekutenda. Naizvozvo napose pandinogona ndinovimbisa kugara murunyararo nomunhu wose (Mabasa 4:32; VaRoma 12:18; 1 VaKorinde 1:13; 12:26; VaEfeso 4:3).

10. Ishe ndinobvumirana nemi maererano nesimba nokugona kwenyu.

Ishe ndinobvuma kuti ndagara nguva yareba mumunda wavakaneta, chijairire uye sokutenge ndiri asingatendi, ndaziva zvakadzamisisa nezvomufananidzo bedzi wokunamata
(*Inoenderera Mberi Papeji 12*)

(Kubva Papeji 11)

Mwari, asi ndakarasa simba racho (2 Timoti 3:5).

Ishe ndinobvuma kuti munesimba rokuita zvikuru kwazvo zvinopfuvura zvose zvandino kumbira kana zvan-dinofunga (VaEfeso 3:20).

Ishe ndinobvuma kuti munogona kundishandisa zvine simba senhumbi yokururama uye somudziyo wenyasha (VaRoma 6:13; 2 VaKorinde 4:7).

Ishe ndinobvuma kuramba ndiripo pamberi penyuru nguva dzose kuti mugondishandisa uye nokutenda ndor-arama ndine tariro yokuva nemichero nenguva yakafanira (Pisarema 1:1-3; Johane 15:1-8, 16).

Ishe ndinobvuma kusadzima Mweya Mweya uri mandiri kubudikidza nemifungo inopikisa kana nechitska chokuzviredzera, sezvo ndichiziva kuti munokwanisa kuita munhu akaita seni mudziyo unokudzamutsvene wakakwanira basa raTenzi uye wakagadzirirwa mabasa ose akanaka (VaRoma 9:21; 2 Timoti 2:21).

11. Ishe ndinobvumirana nemi pamusoro pokutunhidzwa nokubwinya.

Ishe ndinobvuma kuti imi moga ndimi Mwari uye nokuti kuzvikudza kwangu sokunge ndini Mwari kana kukudza chimwewo chisikwa, kana chinhu kutyora zvikuru mitemo yakapiwa kuna Mozisi pagomo (Eki-sodo 20:2-5).

Ishe ndinobvuma kuti imi moga makafanira kurumbidzwa, kukudzwa nokubwinya uye ndinoramba kuzvirumbidza kana kutsvaga kana kugamuchira rumbidzo yakafaniremi. Kukurumbidzai nezvose zvinoitika mandiri uye kubudikidza neupenyu hwangu kubva nhasi harizingori chijana changu chete asi mukana wangu wokubwinyiwa zvikuru (Pisarema 18:3; Zvakazarurwa 4:11; 5:12).

Ishe ndinobvuma kuti handifaniri uye handina kumbobvira ndave nechikonzero chokutambira kurumbidzwa kana kubwinya nezvo zvakaita nokuti ini munaKristu ndinorarama kufamba nokuva zvose zvan-diri (Mabasa 17:28) uye pasina iye Kristu hapana zvindiri (Johane 15:5b).

Ishe ndinobvuma kuti kuzvida kwangu ndiwo mudzi wechivi mumwoyo wangu, uye inviro mviro youpenyu (Mako 7:21-22) zvakare handina chokuzvitutumadza nacho, kunze kwenyasha dzenyu. Ndicharamba ose manomano okuzvikudza. Ndinobvuma kuti makandikokera kuti ndizvinipise (Jakabho 4:10; 1 Petro 5: 5-6) zvakare handizokutukii nokukumbirai kuti mundibatsire paizvo zvakandituma kuti ndiite uye kubvumira kuzvida kutonga upenyu hwangu (Zvirevo 8:13; Jakabho 4:6-7).

Ishe ndinobvuma kuti munovenga kuzvikudza kwose naizvozvo ndinozvipereka kuita zvose zviru musimba rangu kubvisa kwose kuzvida kwose kurimo muKereke nomun-yika yandinorarama mairi (2 Koronike 7:14).

12. Ishe ndinobvumirana nemi pamusoro pokuti ndiani achatakura mhosva dzangu dzakare, dzanhasi uye nezvivi nokukoniwa kwangu kuchauya.

Ishe ndinobvuma kuregedza katsika kakaipa kokun-gozvitsoropodza. Ndinotambira chokwadi chokuti ndiri chisikwa chitsva munaKristu (2 VaKorinde 5:17) uye kuti ndinokwanisa kuita zvose kubudikidza naKristu anondipa simba (VaFiripi 4:13).

Ishe ndinobvuma kuti Kristu vakaripira mutongo wose wokutadza kwangu uye kuti ini handisisna kodzero yokuzvi tambudzira zvivi zvangu izvo zvakabhadharirwa naKristu chekare. Ndinobvuma kuti ndaneta nokutakura mukwende yemitoro yezvivasaka ikozvino ipo pano ndave kuvimba nemi kuzonditakurira mitoro yangu kusvika nariini (Isaya 53:5; 1 Petro 2:24; 1 Johane 1:7).

Ishe ndinobvuma kukurumidza kureurura zvivi zvangu kubva nhasi zvichienda mberi uye mushure mokureurura ndichagamuchira kuregerera nokundigeza kwenyuzvakare handizozviremedzazve nemitoro yezvivi yamunenge manditakurira. (1Johane 1:9).

Ishe ndinobvuma kuti maringe nezvose izvi zvakanditira, ndicharamba mukukunda (VaRoma 8:35-39; 1 VaKorinde 15:57; 2 VaKorinde 2:14) nesimba (Mabasa 1:8; 2 Timoti 1:7) kubudikidza nokutenda kwangu muna Ishe Jesu Kristu uyo akandida akanditenga neropa rake (1 Petro 1:18-19).

Ishe ndinobvuma kuti imi zvakare munditakurire kutadza kwangu kwose nokukoniwa kwangu kuchengetedza zvose zviga zvechibvumirano ichi, uye handizofi ndaka... nokutadza kwose zvakare handizofi ndaka-siya zvirumirano izvi, zvisinei nokugozha kwazvinenge zvakaita kuzvichengetedza. Nenyasha dzenyu kana ndikakoniwa ndichareurura nokukurumidza uye ndichasimuka ndofambira mberi ndichibvumirana nemi muzviga zvose.

Sohuchapupu hwangu hwokubvumirana kwangu, zvichibva pamwoyo wangu, nezvizviga zvichibvumirano ichi naIshe Mwari Wamasimba ose, ndinonyora zita rangu pano pazasi.

Zita

Zuva Rawanyora

Chivi Nokudzikururwa

Shoko raMwari rinoti mubayiro wezvivi ndirwo rufu (VaRoma 6:23). Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira charango chacho chokufa pamuchinjikwa; “*namavanga ake takaporeswa*” (Isaya 53:5), Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, (VaRoma 6:11-14); kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa (Mabasa 2:38-39; VaRoma 10:9-10).